



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/5/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOBASYON PREMYE ECHANJ ETHEREUM KI BAZE ETAZINI, KREYE EPI EKSPLOWATE NAN NEW YORK

Depatman Sèvis Finansye otorize Konpayi ki baze New York yo pou ofri echanj nan lajan dijital kap parèt

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Depatman Sèvis Finansye Eta New York te otorize Gemini Trust Company, LLC pou ofri echanj Ether, yon lajan krypto kap parèt, nan echanj lajan potansyèl li ki baze nan Vil New York. Lajan krypto se yon altènatif desantralize lajan mondyal ki bay itilizatè yo yon mwayen peman ki pi garanti ak efikas.

"Aksyon sa kontinye tradisyon long New York pou li alavanad nouvo inovasyon ak endistri kap parèt yo," **te deklare Gouvènè Cuomo**. "Avèk règleman kontwòl solid, nap kenbe pozisyon nou alavangad revolisyon teknolojik sa epi asire ke itilizatè yo gen yon eksperyans ki garanti ak pwoteje."

Sipè-entandan pa Entèrim Depatman Sèvis Finansye Maria T. Vullo te deklare, "Grasa yon règlemantasyon pridan ak entelijan, Eta New York kontinye fleri kòm yon lidè vityèl lajan nan mache mondyal la. DFS ap kontinye ankouraje devlopman ak pwochen endistri kap grandi alontèm."

Cameron and Tyler Winklevoss, Fondatè Gemini Trust Company, LLC te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak DFS paske yo se premye regilatè nan mond lan pou devlope yon kad règlemantasyon lisans pou biznis lajan vityèl yo. Apwobasyon Gemini kòm premye platfòm lisans pou sipòte Ether trading demontre angajman yo paske yo se lidè mondyal nan panse nan règlemantasyon finansye ke toulède pwoteje konsomatè ansanm avèk pou favorize inovasyon."

Depatman Sèvis Finansye te emèt yon Chat pou Gemini nan mwa oktòb 2015 pou jere yon echanj lajan vityèl kote kliyan Gemini yo ka achte epi vann lajan vityèl Dola Ameriken pou lajan vityèl yo. Nan Jen 2015, Depatman an te pibliye yon règleman final sou lajan vityèl apre preske dezan ransèyman nan direktiv règlemantasyon apwopriye. Aplikan pou lisans lajan vityèl yo sijè a revizyon strik sou anti-blanchiman, kapitalizasyon, pwoteksyon konsomatè ak standa sibè sekirite.

Rezo Ethereum, ki resevwa kontribisyon devlopman enpòtan nan ConsenSys ki baze

Brooklyn, se yon lajan kriptò ak yon platfòm ak blockchain. Ether se aktif dijital ki baze sou kriptografi nan rezo Ethereum, menm jan avèk jan bitcoin se aktif dijital ki baze sou kriptografi nan rezo Bitcoin.

Antanke yon konpayi fidisi a bi limite ki afrete anba Lwa sou Labank Eta New York, Gemini ka lanse echanj Ether trading imedyatman. sijè a sipèvizyon eta.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418